

K M P S

Anrejistremman Pwopriyete Kesyon Moun Poze Souvan

Ki kalite pwopriyete ki gen obligasyon pou gen Property Deklarasyon Anrejistremman Pwopriyete (Registration Statements) yo depoze nan Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD)?

Ou dwe depoze yon Deklarasyon Anrejistremman Pwopriyete chak ane pou:

- Tout pwopriyete rezidansyèl ki gen 3 apatman oswa plis, tankou otèl, kondominyòm ak koperativ.
- Kay pou yon fanmi oswa de (2) fanmi si ni pwopriyete a ni okenn manm fanmi p ap viv nan kay la.

Ki sanksyon ki genyen pou si mwen pa anrejistre pwopriyete mwen?

Si ou pa depoze rezilta Anrejistremman yon Pwopriyete lè nou ba ou yon avi pou demann enfòmasyon.

Sanksyon sivil poutèt pou pa anrejistre pwopriyete ou kapab se ant \$250 dola ak \$500 dola. Se Tribinal ki Okipe Afè Lojman (Housing Court) ki bay sanksyon yo.

Si pwopriyete a gen twa (3) apatman oswa plis, ou p ap gen pèmision pou fè yon aksyon pou non-peman kont yon lokatè nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman. Ou p ap gen pèmision pou konfime koreksyon vyolasyon HPD oswa pou depoze yon demann anilasyon oswa re-piblikasyon vyolasyon.

Kimoun ki dwe anrejistre pwopriyete li?

Se pwopriyete bilding nan ki dwe anrejistre pwopriyete a.

Kijan Anrejistremman Pwopriyete yo vin valab?

Anrejistremman Valab Pwopriyete a egzije: 1) peman \$13 dola chak ane ba Depatman Finans (Department of Finance, DOF) epi 2) soumisyon yon Fòm Anrejistremman Pwopriyete ki ranpli kòrèkteman ba HPD.

Kijan depo yon Deklarasyon Anrejistremman Pwopriyete ede pwopriyete yo?

Anrejistremman pwopriyete avèk HPD obligatwa anba Kòd Antretenyè Lojman (Housing Maintenance Code) New York City. Anrejistremman an bay pwopriyete yo yon okazyon pou HPD kontakte yo pou fè yo konnen nenpòt vyolasyon ak ijans nan pwopriyete a. Avi bonè a ap pèmèt yon pwopriyete fè reparasyon ki nesese yo epi evite pwoblèm ak depans pou fèm ak fè HPD fè reparasyon annijans. Anrejistremman an ka evite ou resevwa vyolasyon ak sanksyon sivil poutèt ou pa anrejistre pwopriyete ou. Anpil lòt ajans vil la ap itilize Anrejistremman HPD tou pou yo jwenn enfòmasyon kontak sizoka gen yon ijans, epi pandan evènman annijans nan vil la. Minisipalite Vil la ka itilize enfòmasyon kontak ki nan dosye pou bay enfòmasyon enpòtan oswa ed.

Kilè mwen gen obligasyon pou anrejistre pwopriyete mwen?

Chak ane ant 21 me ak 1ye septanm chak ane

Nan nenpòt moman pandan ane a lè enfòmasyon sou anrejistremman an chanje
Imedyatman ou fèk achte yon kay ki satisfè kritè pou anrejistre

Ki enfòmasyon yon pwopriyete dwe bay pou anrejistre yon kay?

Deklarasyon anrejistremman an fèt pou gen ladan non pwopriyete a; adrès biznis ak adrès kay pwopriyete a; si pwopriyete yon bilding miltip se yon sosyete, li fèt pou bay non ak adrès nenpòt moun ki gen aksyon nan sosyete a ki depase 25 pousan; si pwopriyete yon bilding miltip se yon sosyete, pwopriyete a fèt pou bay non ak adrès biznis asosyasyon an, epi non ak adrès biznis chak patnè limite ki gen aksyon nan asosyasyon an ki depase 25 pousan; non, adrès ak yon nimewo telefòn administratè delege a, ak yon nimewo telefòn nan pi gwo zòn metwopoliten kote yon pwopriyete oswa yo ka espere kontakte yon fason rezonab yon administratè delege toutan.

Pou kisa yo mande adrès imèl mwen?

Menmsi yo pa gen obligasyon pou fè sa, HPD mande adrès imèl yo pou ede ajans lan kontakte ajan delege a ak pwopriyete a. Yo voye eNotices Plent ba pwopriyete a lè yo resevwa yon plent. Sèvis sa a ede pwopriyete yo konprann ki kondisyon ki ta ka bezwen korije anvan yon fè yon enspeksyon. HPD gen plan tou pou kòmanse voye eNotices lè yo bay vyolasyon yo. Pwopriyete yo ap kontinye resevwa Avi pou Vyolasyon yo pa lapòs, men eNotice yo ap ede pwopriyete yo bay repons vit pou vyolasyon yo ak sètifye yo nan yon manyè apwopriye. Y ap itilize eNotices yo tou pou fè pwopriyete yo sonje dat limit Anrejistremman Pwopriyete yo ak enfòmasyon yo dwe bay.

Èske yon bwat postal nan Etazini se yon adrès biznis ki akseptab pou anrejistremman pwopriyete?

Non. Pou kapab anrejistre pwopriyete a, yon bwat postal pou resevwa kourye nan Sèvis Lapòs Etazini (United States Postal Service, USPS), yon bwat-a-lèt pou resevwa kourye ou konsève nan yon biwo prive pou ekspedye kourye oswa adrès kote yo ofri nenpòt sèvis sanblab pa yon adrès ki valab pou biznis.

Ki kote yon pwopriyete kapab jwenn yon Fòm Anrejistremman Pwopriyete?

Ou ka jwenn fòm Anrejistremman yo sou sitwèb HPD (www.nyc.gov/hpd) nan Sistèm Anrejistremman Pwopriyete sou Entènèt (Property Registration Online System, PROS). Fòm anrejistremman yo disponib tou nan chak biwo Ranfòsman Kòd Minisipalite (Borough Code Enforcement), oswa ou kapab kontakte Inite Ed nan Anrejistremman (Registration Assistance Unit, RAU) nan nimewo (212) 863-7000 epi adrès li se 100 Gold Street, Manhattan.

Kimoun ki gen obligasyon pou siyen Deklarasyon Anrejistremman Pwopriyete a?

Se pwopriyete a, oswa, si pwopriyete a se yon sosyete, nenpòt fonksyonè sosyete a, ki dwe siyen Deklarasyon Anrejistremman an. Ajan delege a dwe siyen Deklarasyon Anrejistremman an tou pou endike li dakò avèk deziyasyon an.

Èske yon pwopriyete ki chanje adrès li gen obligasyon pou chanje Deklarasyon Anrejistremman Pwopriyete a?

Wi. Yon pwopriyete dwe chanje Deklarasyon Anrejistremman Pwopriyete a nan 5 jou si gen yon chanjman nan adrès pwopriyete a, yon chanjman nan lis fonksyonè pwopriyete a/sosyete a, yon chanjman nan adrès nenpòt fonksyonè ki endike nan lis la, oswa yon chanjman nan enfòmasyon nenpòt ajan delege. Pa gen frè aplikasyon pou chanje enfòmasyon ki nan yon deklarasyon anrejistremman.

Kimoun yon pwopriyete ta dwe kontakte pou jwenn ed avèk pwosesis anrejistremman an?

Pwopriyete ki gen kesyon oswa ki bezwen ed avèk pwosesis anrejistremman an ka kontakte Inite Ed nan Anrejistremman nan nimewo (212) 863-7000 oswa nan adrès imèl nan register@hpd.nyc.gov.

Kisa responsablite yon ajan delege ye?

Pwopriyete a chwazi ajan delege a pou kontwòl ak responsab antretyen ak operasyon yon bilding epi pou otorize, sou non pwopriyete a, korespon nan nenpòt kondisyon annijans oswa pou fè nenpòt reparasyon annijans.

Èske gen nenpòt kalifikasyon pou chwazi yon ajan delege?

Wi. Yon ajan delege dwe se yon "moun nòmal" ki gen plis pase laj 21 ane epi ki dwe ap viv nan vil la oswa ki dwe patisipe nòmalman ak regilyèman nan fonksyon biznis lan yo konsève nan vil la. Yo ka chwazi yon pwopriyete oswa yon fonksyonè sosyete ki satisfè kalifikasyon yo pou sèvi nan fonksyon sa a epi li ka anrejistre pwopriyete a kòm ajan delege.

Kisa yon pwopriyete ta dwe fè si yon ajan delege mouri, si yon tribinal deklare li pa konpetan oswa si li kote New York City?

Pwopriyete a ta dwe chwazi yon nouvo ajan delege. Pwopriyete a ap gen uit (8) jou pou depoze yon deklarasyon nan HPD pou li chwazi nouvo ajan delege a.

Mwen posede yon kay pou yon fanmi oswa pou de (2) fanmi epi yo te anrejistre kay la anvan. Men, kounye a m ap viv nan pwopriyete a epi mwen pa gen obligasyon pou anrejistre li ankò. Kijan pou mwen fè HPD konnen mwen pa gen obligasyon pou anrejistre li ankò?

Ou ta dwe depoze yon Kay Prive - Ou pa gen obligasyon pou anrejistre fòm nan avèk HPD. Fòm nan disponib sou sitwèb www.nyc.gov/hpd. Lè HPD resevwa fòm nan epi apre nou travay sou li, n ap voye yon avi ba ou pou fè ou konnen ou pa gen obligasyon pou anrejistre li ankò. N ap ajiste nenpòt peman ki poko fèt pou ane anrejistremant ou ye a.

Mwen posede yon otèl. Èske mwen gen obligasyon pou anrejistre pwopriyete mwen?

Wi, nou konsidere otèl yo kòm kay pwovizwa pou anpil fanmi.

Mwen posede yon inite kondominyòm. Èske mwen gen obligasyon pou anrejistre inite mwen?

Non, lè ou se yon pwopriyete inite endividyèl, ou pa gen obligasyon pou anrejistre inite a. Men, konsèy administrasyon kondominyòm ou gen obligasyon pou anrejistre sou non bilding kondominyòm nan.

Mwen posede aksyon nan yon Ko-pwopriyete? Èske mwen gen obligasyon pou anrejistre inite mwen?

Non, lè ou se yon aksyonè endividyèl, ou pa gen obligasyon pou anrejistre inite ou. Men, Konsèy Administrasyon Ko-pwopriyete ou gen obligasyon pou anrejistre sou non koperativ la.

Mwen te nan yon pwopriyete komen pwopriyete epi lòt pwopriyete a te mouri. Kisa mwen bezwen fè pou anrejistre?

Fòm Anrejistremant Pwopriyete a kapab rete nan posesyon komen an avèk toulède non yo jouk lè yo bay yon nouvo tit pwopriyete anba non pwopriyete ki vivan an.

Pwopriyete a te mouri epi kounye a gen yon egzèkite testaman pou pwopriyete a. Kijan pwopriyete a dwe anrejistre?

Yon egzèkite testaman konsidere kòm "LÒT" posesyon, jan sa endike nan Seksyon 2 Fòm Anrejistremant Pwopriyete a. Ekri "Egzèkite" nan liy vid la epi kontinye nan Seksyon 5 lan, "Ki pa Posesyon Endividyèl" ak Seksyon 5A1 "Moun #1 ki Responsab" epi bay tout enfòmasyon yo mande ou. Seksyon 6, 8, 10, 11, ak 12, yo tout obligatwa.

Pwopriyete mwen pa yon bilding rezidansyèl epi li pa bezwen anrejistremant, men yo te voye bòdwo ban mwen ki soti nan Depatman Finans (Department of Finance, DOF) pou anrejistremant pwopriyete a. Kisa pou mwen fè?

Si ou kwè ou resevwa yon frè ki pa kòrèk pou anrejistremant pwopriyete ou nan DOF, kontakte HPD nan register@hpd.nyc.gov oswa rele nimewo (212) 863-7000. Bay minisipalite a, adrès pwopriyete a ak dènye kantite moun ki t ap viv nan pwopriyete a. Si HPD detèmine anrejistremant an pa obligatwa, HPD ap mande DOF pou anile frè pou ta peye a.

Mwen kontinye resevwa avi pou anrejistremant k ap soti nan HPD menmsi mwen pa pwopriyete a ankò. Kisa mwen kapab fè?

Pwopriyete ki te vann pwopriyete yo ka mande pou HPD valide dènye Deklarasyon Anrejistremant Pwopriyete valab la depi yo byen ranpli ak soumèt yon Aplikasyon pou Valide Anrejistremant (ansanm avèk dokiman ki obligatwa yo). Aplikasyon an disponib sou sitwèb www.nyc.gov/hpd.

Pwopriyete mwen pa sanble sou sitwèb HPD. Kijan pou mwen anrejistre li?

Kontakte HPD nan adrès imèl register@hpd.nyc.gov avèk minisipalite, adrès, blòk ak pasèl pwopriyete a, ak enfòmasyon kontak ou. HPD ap fè rechèch sou pwopriyete a, y ap ajoute enfòmasyon yo nan baz done yo, epitou y ap kreye Fòm Anrejistremant Pwopriyete a pou ou.

Mwen pa wè yon frè sou etadkont kont ki asosye avèk Anrejistremant Pwopriyete a. Pou kisa ou pa t fè sa?

Si frè a pa endike nan bòdwo pandan peryòd Etadkont Jiyè, ou p ap gen obligasyon pou peye jouk nan pwochen peryòd la. Sa ka fèt si pwopriyete ou gen kredi nan anrejistremant an oswa si yo ajoute pwopriyete a jan sa obligatwa pou HPD note apre yo voye bòdwo anyèl la.

Kèk erè komen evite lè w ap depoze Anrejistremant yon Pwopriyete:

Peman ou voye ansanm avèk fòm nan ba HPD: Sa ap lakòz nou pran reta pou travay sou fòm ou, paske HPD dwe voye peman an ansuit ba Depatman Finans pou aplikasyon frè pwopriyete a.

- **Ou pa bay tout adrès yo:** Ou dwe bay adrès kay ak biznis ak nimewo telefòn pou tout moun ki endike nan Seksyon 5 ak 6. Adrès biznis lan ka se menm avèk adrès kay la (men ou dwe ekri li okonplè nan kaz yo) si ou fè biznis ki gen pou wè ak pwopriyete a nan adrès kay la.
- **Siyati ki nan 11 ak 12 pa menm avèk moun ki endike nan seksyon Ajan (Seksyon 6) ak seksyon Pwopriyete a (Seksyon 5) fòm nan. Ou pa antre dat yo toupre chak siyati.**
- **Adrès biznis ajan delege a pa yon adrès ki nan NYC.** Lalwa egzije pou ajan delege a gen yon adrès biznis nan New York City.

Mwen anrejistre lwaye mwen yo deja. Pou kisa yo mande mwen pou anrejistre ankò?

Anrejistremant Lwaye pa obligatwa pou Renouvèlman Kominote ak Kay (Homes and Community Renewal) Eta New York. Pwosesis sa a pa menm avèk Anrejistremant Anyèl (Annual Property Registration) New York City. Bilding ki Gen Pri Lwaye Kontwòl yo dwe fè toulède pwosesis yo.

Mwen bezwen yon kopi sètifye Anrejistremant Pwopriyete mwen pou tribinal. Kijan mwen kapab jwenn dokiman an?

Gen yon frè \$8 dola pou yon kopi sètifye. Ou kapab fè peman an avèk chèk pèsònèl, chèk sètifye, oswa (si ou vin chèche li anpèsòn) ou kapab fè peman an avèk kat kredi.

Si pwopriyete ou deja anrejistre kòrèkteman, ou kapab:

Soumèt yon fòm Demann Kopi Sètifye (ki disponib sou sitwèb www.nyc.gov/hpd anba onglè Owner nou oswa depi ou rele Inite Èd nan Anrejistremant). Ale nan nenpòt Biwo Minisipalite Ranfòsman Kòd (Code Enforcement Borough) nou.
Ale nan Inite Èd nan Anrejistremant nou.

Si pwopriyete ou ap anrejistremant kòrèkteman epi ou bezwen soumèt anrejistremant ou epi si ou resevwa kopi sètifye a nan menm jou a, ou dwe ale nan biwo Inite Èd nan Anrejistremant nou ki nan 100 Gold Street nan Manhattan.